Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 7 ноябрь Рузман № 51 (78121) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Нилъер къуват-цолъиялъулъ

## Байрам кIодо гьабуна



1 ноябралда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана халкъалъул цолъиялъул къо кIодо гьабун рохалилаб тадбир.

Байрамалъулаб кIалъайгун тадбир рагьана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас.

Жиндирго кIалъаялъулъ гьес бихьизабуна нилъер халкъалъул цолъи ва гъунки, бицана гьабсагIат улкаялда бугеб ахIвал-хIалалъул, ВатIаналъул тIалабал тIураялда сверухъ халкъалъул бугеб цолъиялъул.

Байрамалъул тарихалъул бицун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул правовиябгун информациялъулал технологиязул отделалъул нухмалъулев Тимур Ибрагьимов.

Байрам баркун кIалъазе



рахъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Рамин МухIамадов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад-ХIабиб АхIмадов, районалъул библиотекаялъул хIалтIухъан ГI. Мусаева.



Жидерго кIалъаязулъ гьез бицана 1612 соналъул Россиялда низам биххи кканин нилъер халкъалъе хIал бихьилъун ва халкъалъул цолъиялъул къуват ракIалде щвезабилъун.

## ХIасан ГIабдулбасиров- Дагъистаналъул мустахIикъав тренер



Гьал къояз ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб спортивияб школалъул тренер-преподаватель ХIасан ГIабдулбасировасе кьуна «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав тренер» абураб хIурматияб цIар.

Гьеб ккола ХIасан ГIабдулбасировас гIемер соназ таваккалго, черхалда барахщичIого бачIунеб гIел куцаялъе гьабураб ритIухъаб хIалтIул хIасил.

Районалъул бетIер Шамил ГIумаровас жиндирго ва киналго цIумадисезул рахъалъан баркулеб буго ХIасанида хIурматияб цIар, гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, рохел, халатаб гIумру, гьабулеб ишалъулъ икъбал, хаду-хадубги хIалтIулъ лъикIал хIасилал.

## Баркалаялъулал кагътал

ГIун бачIунеб гIелалъе рагъулабгун патриотикияб тарбия кьеялъухъ ва ВатIан цIунулесул къоялда хурхун тIобитIараб «Солдатасе сайгъат» абураб республикаялъулаб акциялда гьабураб гIахьаллъиялъухъ Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва




гIелмуялъул министерствоялъ Баркалаялъулал кагътаздалъун кIодо гьаруна Агъвали гимназиялъул, ТIинди, ТIиси-ахикь, Гъоркьгьаквари, Гьадири, Къеди, Сасикь, Гъоркьинхокъвари ва Хушет гьоркьохъел школазул педагогазул коллективал ва цIалдохъаби.

**Заур МухIамадов**

## МухIамадов Рамин Мирзаевич



**«ЦIумада район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул председатель.**

Гьавуна 1978 соналъул 4 маялда Гъоркьгьаквари росулъ.

1998 соналъ лъугIизабуна МахIачхъалаялда финансазулабгун экономикияб колледж.

2012-2017 соназ хIалтIана Гъоркьгьаквари росдал администрациялъул бухгалтерлъун.

2017 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго халкъ хIалтIудалъун хьезариялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалда бугеб Централъул (ГКУ РД ЦЗН) бетIерав бухгалтерлъун.

«Единая Россия» ВППялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул член, лъади ячарав, буго ункъо лъимер.

## ХитIабазул хал гьабулеб центр рагьана

Дагъистаналда гIуцIун буго хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул ва гьезул хъизамазул хитIабазул хал гьабулеб центр.

Центр гIуцIун буго хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул, ветераназул, гьезул хъизамазул ва гьенир хваразул хъизан-лъималазул хитIабазде бакIалъулаб хIукуматалъул бербалагьи лъикIлъизаби ва гьезие гьабулеб кумек хехаб куцалъ тIубазаби мурадалъе.

Центр хIалтIизе буго республикаялъулаб МФЦялъул базаялда. Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул ва гьезул хъизан-лъималазул хитIабал къабул гьаризе руго «горячие линий» телефоналдаса данде жаваб гьабулеб куцалъ.

Централъул гIуцIиялъулгун техникияб хIалтIул жавабчилъи тIадкъан буго цифрабазулаб цебетIеялъул министерствоялда.

## Районалъул бетIерасул барки



Гьал къоязда гIумрудул 75 сон тIубана нилъер ракьцояй МукIучева Татьяна ГIабдулхIалимовнаялъ.

Татьяна ГIабдулхIалимовна 90-абилел соназ хIалтIана нилъер районалда партиялъул райкомалъул секретарьлъун ва райадминистрациялъул председателасул заместительлъун.

ГIамал-хасият берцинай, гIодое йиччарай Татьяна МукIучеваль бажарун хIалтIи гьабуна районалда рухIияб рахъ цебетIеялъе.

Баркула Татьяна ГIабдулхIалимовалда гьаюраб къо. Гьарула гьелъие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, рохел, гьабулеб ишалъулъ икъбал ва талихI.

**Шамил ГIумаров**, районалъул бетIер

---

**Приложение
к решению сессии Собрания депутатов
МР «Цумадинский район»
от 29 октября 2025 г. №1**

## Депутаты Собрания депутатов МР «Цумадинский район»

1.Газимагомедов Ризван Магомедович
2.Мусаев Зулхуджа Шахрурамазанович
3.Гаджиев Руслан Омарасхабович
4.Гитинов Магомед Шахрунабиевич
5.Гитинамагомедов Магомедхабиб Магомедович
6.Газимагомедов Али Ахьядович
7.Сулейманов Магомед Давудович
8.Магомедов Рамин Мирзаевич
9.Магомедов Магомед Нустафагаджиевич
10.Абдулхабиров Завур Надирбегович
11.Сапиюлаев Сапиюла Садрудинович
12.Магомедов Магомед Нухбегович
13.Магомедрашадов Шарапудин Керимович
14.Абдулаев Магомед Хазмаевич
15.Омаров Аслудин Абдулаевич
16.Ханапов Магомед Абдулаевич
17.Окиев Мурад Насирович
18.Магомедов магомед Абусупьянович
19.Абакаров Шамиль Абдулкадырович
20.Якубов Рамазан Рабжабилавович
21.Нурмагомедов Магомед Гусейнович
22.Абдурахманов Абдурахман Микаилгаджиевич
23.Сайпулаев Шарапудин Шамилович
24.Исаев Гусен Магомеднабиевич
25.Хизриев Магомед Абдулнасирович
26.Магомедов Магомед Магомедович
27.Гусейнов Магомед Гусейнович
28.Магомедов Гаджимагомед Гайдарович
29.Халилов Али Саидович
30.Пирмагомедов Халил Магомедович
31.Гитинов Омар Нурулаевич
32.Гитинов Шарапудин Гамзатович
33.Муртузов Муртузали Ахмедович
34.Гаджиев Омар Газиевич
35.Гаджимагомедов Гамзат Магомедович
36.Магомедов Магомед Тагаевич
37.Магомедов Магомед Хизриевич
38.Убайдулаев Адам Магомедович
39.Хизриев Омар Кудутлаевич
40.Абдулхалимов Магомедали Сиражудинович
41.Магомедов Абдулкадир Раджабович
42.Исаев Магомед Магомедович
43.Газиев Магомед Денгагаджиевич
44.Алиев Магомед Саитбегович
45.Магомедов Денгагаджи Магомедович
46.Абдулаев Гаджимагомед Денгаевич
47.Магомедов Магомед Омарович
48.Сиражудинов Нурмагомед Абдулазизович
49.Магомедов Ибрагим Ибрагимович
50.Имамагомедов Магомед Ибрагимхалилович

---

**Тарих**

## ТIиндиб Имам-Шамилилгун дандчIвай

ГIажамалда хъвараб Имам-Шамилилгун ккараб гьаб лъугьа-бахъиналъул бицен батана ТIинди росулъ.

Гьаниса нилъеда лъикI бихьула магIарулазда гьоркьоб букIараб адаб-хъатир.

МагIарул миллат бикьизабиялда тIад хIалтIулел гIалимзабазе жаваблъунги ккола гьаб хъвай-хъвагIай.

МагIарул мацI ГIанди-гIурухъ ГIабдурахIман Данияловас билълъанхъизабунилан гаргадулел чагIазда цIехезе бегьула нилъеца: гьаб хъвай-хъвагIайги гьес тIамун гьабураб жойищилан? Гьелдалъун нилъеда бихьулеб буго болмацI XIX гIасруялдаги кинабго магIаруллъиялда киназего гIаммаб алатлъун букIараблъи. Гурони, щайзе ТIиндиса чиясе къваригIараб 1854 соналъ магIарул мацIалда гьаб жо хъвазе?

Гьеб сональ Имам-Шамил унев вукIана Гуржиялъе-ЦIинандариса гуржиязул гиназазул хъизамал хъамиялдалъун хадубккун машгьурлъараб чабхъен гьабизе. Унаго, нухтIа ТIиндив рещтIарав гьесухъе рачIуна гIалимзаби ва жамагIатчагIи, кIудияв Имамасе адаб гьабизе. Гьебго къоялъ, рокъове щун хадубго хъвараб бицен буго гьаниб - гъоркьехун - кьолеб хъвай-хъвагIай.

ТIиндиса бахIарчи Усайилав Къарахъа МухIамадтIагьирицаги рехсолев вуго, Бусайилав хIисабалда. Амма росулъ ругел биценазда рекъон, гьесул цIар букIун буго Усайилав абун. Гьев хун хадув, гьесул инсуе гьавун вукIун вуго цоги вас ва гьесдаги инсуца лъун бугила Усайилав абун цIар. Гьев чIванила 1930-абилел соназда. Жеги, гьанивго рехсолев Дибирасулав ккола ТIиндиса чи.

Ла хIавла ва ла къуввата илла биЛлагь.

Рокъове щун хадуб, дица хъвана Имам-Шамилил нижеда гьабураб калам.

Ниж ана - дунги, Дибирасулавги, Усайиласул (эмен) МухIамадги - жакъа имамасда тIаде, гьезие гьоболлъи гьабизе бокьун. Кодоб квенгун нижеца имамасдаса ниж тIаде рачIине изнуги тIалаб гьабуна.

Имам-Шамилги гьесул наибзабиги рещтIун рукIана нилъер росдада цебе - Гъассилахъ абулеб колода. Кванан хадуб, дица имамасда абуна: «Гьав МухIамадил вас вукIана дов Аргъванив шагьидлъарав ТIиндисев Усайилав, - абун. Гьеб мехалъ имамас, тIаде вахъун, нижер цIидасаги кверал росана. «Гьанже гIодор рукIаян»,- абуна.

«МухIамад, дуеги дур хъизамалъеги баркала! Дица баркала кьола»,- ва лъияб дугIа гьабуна. Нужее Аллагьас лъиялдаса жазаги гьабеги, - абун - гъодинав бахIарчи гIезе гьавиялъухъ-рагъулъ, тушманасдаса щибго беркъачIого, жиндир рухI бичарав ва тушбабазе кIудияб ками ккезе гьабурав. Гьес босана камилаб гъазават. Гьев нужее ахираталда ватила, бахIарав гIадин. Дица гьесие бахIарчиясул цIарги кьуна. Гьединго, нужер багвалазул, тIиндадерил лъиял бахIарзал дир бода рукIана: ГIалуч-МухIамад - абун , Денгал МухIамад - абун. Гьев ГIалуч-МухIамадицаги, ИчичIали ккараб рагъда бихьизе гьабуна жиндир бахIарчилъи. Гьединал лъимал хьихьарал нужер эбел-инсуе МахIшаралъул къоялъ кумек букIина. ИншалЛагьу тагIала. Гьанже нужеца нужерго мурад бицине дир изну буго», - ян абуна имамас.

Цинги нижеца гьикъана: - «Дур къадру борхаяв, хIурматияв имам! Гьаб кIудияб аскар гьаниса эхеде рехиялъе щиб мурад бугеб? - абун. Имамас жаваб гьабуна: «Нилъер магIаруллъи, лъарагIлъи ва чачанлъи гурелги, нилъее къваригIун буго нилъеда сверухъ ругел улкабиги капурлъиялъул лагълъиялдаса эркен гьаризе ва жидерго ихтияраб улка гьабизе. Гьеб букIине гьабизе бацIцIадаб, аварагасул шаригIат цIунараб улкалъун. Цо (чи) хан, цо(чи) лагъ гьечIого, нилъер кинабго халкъ жиндирго ихтияраб букIине. Гьаб дир боги Гуржиялъе унеб буго. Гьазул бетIерги дир вас ГъазимухIамад гьавуна дица».

Гьеб мехалъ нижеца абуна: «Гьеб гуржиязул цIикIкIараб улка гьечIищ. Дуца ГIажамалдаса яги турказул добаса кумек щай тIалаб гьабичIеб? - абун. Имамас абуна: «Нилъее щивго чиясул кумек хIажатаб гьечIо. Нилъерго халкъалъ кинабго рагъуе хIажатаб жо гьабула. Нилъее кумек, жив бетIергьанав Аллагьасул бугони, гIола. Аварагас кколеб ислам - Аллагьасул дин - ханзабазул кумекалдалъун билълъине гьабичIо. Живго Аллагьасул кумекалдалъун билълъине гьабуна. Нужода бихьуларищ Аллагьас дие квегъун кьураб аскар?» Гьеб мехалъ МухIамадица гьикъана: «Чан азар чи ватила гьаб аскаралда? - абун. Имамас хекко жаваб кьуна ва дагьаб нодо букIкIана: «Макка бахъулеб къоялъ Аварагасул гIанаб батила - абун.

Цинги имамасе хабар къокълъизабизе бокьана. Цинги нижеца гьикъана: «Гьанже нижеда амру гьабизе жо бугищ? - абун. Имамас абуна: «Нужеца нужер лъималазда, нужер гIолилазда абе, нужерго Усайилав гIадинал лъугьайин. Абе бахIарчиясул хвел гьечIин я дунивалалда я ахираталда.

Нижеца квералги росана, нижги нахъе руссана.

1270/1854 соналъул роол авалаб гIуж.

**«МагIарулалъ хъварал тарихиял асарал» тIехьалдаса босараб**

---

**Конкурс**

## Отбор кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «село Саситли» от 05.11.2025 г. №1 на 10 декабря 2025 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность Главы сельского поселения «село Саситли».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться с момента опубликования настоящего объявления в срок до 28 ноября 2025 года в администрации сельского поселения «село Саситли», в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе;

2) собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 - 3 шт;

3) паспорт или заменяющий его документ;

4) документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

- документ о профессиональном образовании;
- трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5) сведения о доходах и расходах кандидата, его супруги (супруга), несовершеннолетних детей, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6) согласие на обработку персональных данных;

7) справка об отсутствии судимости.

Также подаются копии всех документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им Программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

1) оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;

2) описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;

3) комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета;

Программа подписывается кандидатом и представляется Комиссии в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «село Саситли» от 08.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий Администрации муниципального района «Цумадинский район».

**Глава сельского поселения
«село Саситли» З. Набигулаев**

# Постановление № 211

**22 октября 2025 г.**

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2006 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации, Устава МО «Цумадинский район» и Решением Собрания депутатов СП «сельсовет «Шавинский» от 09.10.2025 г. № 8.**постановляю:**

1. Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Шавинский» согласно приложению.
2. Настоящее постановление опубликовать в газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

**Приложение**
**к постановлению Главы**
**МР «Цумадинский район»**
**от 22.10.2025 г. № 211**

## Список

**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Шавинский» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсных комиссий, назначенных Главой МР | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собраний депутатов СП |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Сельское поселение «сельсовет «Шавинский» | 1.Муртазалиев Тагир Загидгаджиевич; | Начальник ОЭ.Н.И. и ЗО администрации МР «Цумадинский район» | Магомедов Хасбула Магомедович |
| | | 2.Магомедов Казим Бадрудинович | Ведущий специалист ОЭ,Н,И. и ЗО администрации МР «Цумадинский район» | Далгатов Далгат Абдулхамидович |

# Постановление № 212

**22 октября 2025 г.**

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2006 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации, Устава МО «Цумадинский район» и Решением Собрания депутатов СП «сельсовет «Кванадинский» от 20.10.2025 г. № 2.
**постановляю:**

1. Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Кванадинский» согласно приложению.
2. Настоящее постановление опубликовать в газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

**Приложение**
**к постановлению Главы**
**МР «Цумадинский район»**
**от 22.10.2025 г. № 212**

## Список

**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Кванадинский» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсных комиссий, назначенных Главой МР | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собраний депутатов СП |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Сельское поселение «сельсовет «Кванадинский» | 1.Ахмедова Халимат Хасбулаевна; | Заведующая архивным отделом администрации МР «Цумадинский район» | Умарглжиев Алигаджи Умаргаджиевич |
| | | 2.Джалалов Магомед Султанбекович | Ведущий специалист аппарата администрации МР «Цумадинский район» | Газиев Гази Магомедович |

# Постановление № 213

**23 октября 2025 г.**

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2006 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации, Устава МО «Цумадинский район» и Решением Собрания депутатов СП «сельсовет «Гигатлинский» от 20.10.2025 г. № 3.
**постановляю:**

1. Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Гигатлинский» согласно приложению.
2. Настоящее постановление опубликовать в газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

**Приложение**
**к постановлению Главы**
**МР «Цумадинский район»**
**от 23.10.2025 г. № 213**

## Список

**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Гигатлинский» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсных комиссий, назначенных Главой МР | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собраний депутатов СП |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Сельское поселение «сельсовет «Гигатлинский» | 1.Исламов Раджабдибир Бадавиевич | Заместитель начальника ОЭ.Н.И. и ЗО администрации МР «Цумадинский район» | Абасмагомедов Ахмадудин Хайбулаевич |
| | | 2.Расулов Расул Магомедович | Специалист 1-ой категории АТК администрации МР «Цумадинский район» | Нуросмагомедов Мурсаил Иманмагомедович |

**Динияб бокIон**

# Дуцаго гъабураб дуеги гъабула

**Диналъ ва гIадаталъ нилъ ахIула чIахIиял чагIазул адаб гъабизе. Гьелъие нугIлъи гъабулеб буго Тирмизияс бицараб хIадисалда рехсаральги: «Нилъедаса гуро гIисиназдаги гурхIуларев, чIахIиязул къиматги лъаларев чи», - ян.**

Нилъедаса гурин хIадисалда абуралъул магIна ккола, цIикIкIаразул адаб гьабунгутIи бугин чIахIиял мунагьазда гъорлъеги кколеб, исламияб нухлъунги жиб гьечIебин абураб. Гьелъин Аварагас (гI.с.в.) кьваризабунги абураб.

ЧIахIияздехун адаб цIуни буго гIолохъанчиясулъ ругел хасиятазул бищун берциналдасаги. Гьединав чи гIадамазда гьоркьов къимат бугевльунги вукIуна, гIисиназги мисал босула гьесдаса. Гьеб камурав вукIуна жиндир гьабулеб гIамал хъачIав, гIисиназдеги хичулев, вихьизеги вокьуларев. Гьединаллъун рукIиналдаса Аварагасги (гI.с.в.) цIуни тIалаб гьабулаан.

«Кабаир» абураб тIехьалда имам Тирмизияс бицун буго Абу-Умаматидаса бицараб Аварагасул (гI.с.в.) хIадис: **«Мунапикъас гурони лъабгояздехун рокьукъаб бербалагьи гьабуларо: исламалда вукIун херлъарав чиясдехун, гIелмуялъул бетIерасде, ритIухъав имамасде»,** - ян.

Рокьукъаб бербалагьиги букIине бегьула батIи-батIияб жоялдалъун. Цо букIуна чиясда тIад релъанхъиялдалъун, махсароде ккун, хъачIал рагIаби абиялдалъун. Гьев вугеб бакIалда батIияб гIамал бихьизабун. Мисалалъе, школалда мугIалимасдехун лъималаз гьабулеб гIамал, гьабулареб адаб. Гьеб кинабго буго чиясулъ тарбия гьечIолъиялъул гIаламат, гьелъулъ гIемерисеб нухалъ гIайибияллъун эбел-эменги рукIуна.

КигIан абизе бокьичIониги, къо бахъанагIан лъималазе эбел-инсуца тарбия кьеялъул кIвар гьаби тIаса-масаго толеб буго. Гьелъул хIасилалда, лъималазда адаб-хIурмат щиб жо кколебали лъалебги гьечIо. Мисалалъе, маршруткаялда рекIун унелъул цIикIкIарав чи яги чIужугIадан жанире рачIиндал, гIолохъанаб гIелалъ гьабулеб, дагьа-макъаб заманалъул рахIаталъе гIоло гьез рехулеб яхI ва гIаданлъи. БакI кьолелги рукIуна, амма кьоларел гIемер ратула.

Гьединлъидал, нилъеда кIочене бегьуларо нилъгоги санаде рахине ругеблъи, гьеб мехалъ нилъеца гьабуралда рекъараб гьабулев дандчIвала нилъедаги. ХIадисалда буго: **«ГIолохъанчияс цIикIкIарасул адаб гьабулеб бугони гьесул херлъиялъе гIоло, гьев чи живго херлъараб мехалъ, Аллагьас гьесул хIурмат гьабулеллъун гIолохъабиги гьарула гьесие»,** - ян (Тирмизи).

Гьеб гIамал гIолохъанаб гIелалъулъа тIагIиналъе аслияб гIилла бугинги абизе бегьила нич тIагIин ва гIаданлъи щиб жояли лъангутIи. Гьелъин, лъимал гьитIинаб къоялдаса нахъего куцазеги кколел.

Нилъеца гIадамазда гьоркьор гьаризе рекъарал гIамалаздасан руго, масала, нилъее бокьулареб цогидазеги гьабунгутIи.

КъватIире рахъаралъур чIухIи гьечIел, гIодоре риччарал, гIадатияллъун рукIин. Мунагьал гьаруделлъун цогидал ругониги, гьел хIакъиралълъун рихьунгутIи. Бажарараб куцалъ дандиязе, боцIудалъун, кверадалъун кумек гьаби. Берцинаб тIабигIат бихьизаби, чIахIиязул хIурмат цIуни, гIисиназда гурхIи, диналъул вацазе салам кьун квер бачин, гьабураб къотIи тIубазаби, ритIухъаллъун рукIин.

ЧIахIиязул адаб гьаби гIицIго гьезул хIурмат гьабилъун гуребги, Аллагь рази гьавулеб гIамалги гIибадатги буго. Гьелъул хIакъалъулъ гIалимзабаз тIахьазда рехсонги буго.

Имам АшгIарияс рехсолеб буго гьадинаб хIадис: **«Рас хъахIав херав чиясул хIурмат гьаби буго Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъул гIаламат»,** - ян (Абу-Давуд).

ГIамал бацIцIад гьабизе ва гIаданлъун вукIине щивасе Аллагьас тавпикъ кьеги!

. . . . . . . . . . .

# Хасало гьаризе малъа-хъваял

**Хасел тIаде щведал, гьелъ цадахъ росун рачIунел сайгъатазда гьоркьоб, тIадагьаб гIазу гуребги, цо чанго бакIаб масъалаги букIуна. Амма щибаб захIмалъиялда цадахъ гьеб тIубазабулеб къагIидаги кьун букIуна Аллагьас. Гьале хасало пайдаялъе ратулел цо-цо малъа-хъваял:**

1. Хьитазде жаниб лъим бачIун, риччун ратани, хехго ракъвазелъун гьезда жанире гура-шурарал газетал къазаризе бегьула. ТIанчаз тIаде цIала регьел.

2. ГIазу рехулелъул гьеб бугьуналда, болода рекIун чIола. Гьедин букIинаредухъ болода нах бахине бегьула.

3. Хасало рокъоб гьава «бакъвараб» букIуна. Гьеб сабаблъун грипп гIадал унтабазе чи кверде восизе бигьалъула, бактерияздаса цIунизе захIмалъула. Гьедин, гьава «ригьараб» лъугьине зама-заманалда бегьула 15-20 минуталъ кIалтIалъел лъечIого лъим гьализабизе. Гьеб лъеда гьорлъе корицаялъул гIучIал, михIикI (гвоздика) яги лимоналъул хьал рехани, жеги берцинаб махIги букIина.

4.Болъабазда цIер чIван батани, спирталъул кIудияб гъуд ва цIарагI чурулеб лъамалъиялъул гьитIинаб гъуд 2 литр бухIараб лъелъеги жубан, гьезде тIаде тIуни, хехго риина.

5.Рокъоб хинлъи цIикIкIине, батареялда нахъа фольга тIад бугеб пенопласт яги цогидаб фольга рекIинабизе бегьула. Къадалъе унеб букIараб къадар хинлъиялъул рокъоб хутIула ва 2-5 градусалъ хинлъи цIикIкIуна.

6.Хьитазда жаниса квешаб махI бахъун батани, гьитIинаб ххамил кесекалъулъ жемараб дагьабго сода лъела. Гьелъ регьелги бахъула, махIги инабула.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

# Постановление № 221

**1 ноября 2025г.**

В соответствии с Федеральным законом от 20 марта 2025 года № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой публичной власти и Решением Собрания депутатов СП «село «Тисси» от 27.10.2025 г. № 2.**постановляю:**

1. Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село «Тисси».
2. Настоящее постановление опубликовать в газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района «Цумадинский район» Ш. Омаров**

**Приложение**
**к постановлению Главы**
**МР «Цумадинский район»**
**от 01.11.2025 г. № 221**

## Список
**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село «Тисси» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсных комиссий, назначенных Главой МР | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собраний депутатов СП |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Сельское поселение «село «Тисси» | 1.Ибрагимов Тимур Ахмедович | Начальник ОПР и ИТ администрации МР «Цумадинский район» | Гаджиев Шамиль Газиевич |
| | | 2.Залимханов Шамиль Магомедович | Ведущий специалист ОПР и ИТ администрации МР «Цумадинский район» | Гаджимагомедов Гамзат Магомедович |

# Постановление № 222

**5 ноября 2025г.**

В соответствии с Федеральным законом от 20 марта 2025 года № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой публичной власти и Решением Собрания депутатов СП «сельсовет «Инхокваринский» от 03.10.2025 г. № 3. **постановляю:**

1. Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Инхокваринский» согласно приложению.
2. Настоящее постановление опубликовать в газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района «Цумадинский район» Ш. Омаров**

**Приложение**
**к постановлению Главы**
**МР «Цумадинский район»**
**от 05.11.2025 г. № 222**

## Список
**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Инхокваринский» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсных комиссий, назначенных Главой МР | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собраний депутатов СП |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Сельское поселение «сельсовет «Инхокваринский» | 1. Магомедов Ахмед Шахбанович | Начальник ОПР и ИТ администрации МР «Цумадинский район». | Хизриев Магомед Абдулнасирович |
| | | 2.Гаджимагомедов Мурад Саидахмедович | Ведущий специалист ОПР и ИТ администрации МР «Цумадинский район». | Магомедов Магомед Магомедович |

# «Газпром межрегионгаз Махачкала» в полном объёме исполняет свои обязательства перед потребителями газа

Поставки газа – являются самой стабильной коммунальной услугой предоставляемой жителям Дагестана.

С наступлением холодов вопросы подготовки к отопительному сезону каждого потребителя газа становятся особенно актуальными.

Чтобы встретить холода в тепле и комфорте, «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает жителям республики Дагестан о необходимости своевременной оплаты текущих платежей и погашения существующей задолженности за потребленный газ.

Ответственное отношение к оплате позволяет избежать накопления долга перед поставщиком газа.

«Газпром межрегионгаз Махачкала» рекомендует всем потребителям газа проверить состояние лицевых счетов и своевременно погасить задолженность. Без комиссии оплачивать счета за газ легко и удобно в «Личном кабинете абонента» на сайте компании или в мобильных приложениях «Газ онлайн» и «Мой Газ».

Не доводите ситуацию до применения ограничительных мер. В соответствии с законодательством, поставщик газа вправе приостановить подачу ресурса абоненту-должнику без решения суда в случае двухмесячной неуплаты.

«Газпром межрегионгаз Махачкала» в полном объеме исполняет свои обязательства, теперь ждет от потребителей того же: своевременной оплаты счетов.

Обеспечьте себя теплом и комфортом в предстоящий зимний период!

**Спорт**

# Дунялалъул кецазда лъабабилеб бакI




Дагъаб цебе Сербияльул Нови-Сад шагьаралда гIолилазда гьоркьоб (U23) тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул первенствоялда 65 кг. цIайиялда лъабабилеб бакI ккуна нильер ракьцояв Метрадаса Башир МухIамадовас.

Цебеккун Баширица кIицIул дунялалъул ва цо нухалъ Европаялъул первенствоялда ккуна тIоцебесеб бакI.

Баркула Баширида мазгарул медаль ва гьарула ходухадубги меседил медалал росисе щулияб сахлъи, къуват ва икьбал.

**Шамил Бадрудинов**

# ГIарцулав призерлъун вахъана



Гьал кьоязда Калмыкалъул Лагань шагьаралда тIоритIана рачлида рагьиялъул рахъалъ ТIолгороссиялъул кьецал.

Гьенир гIахьаллъана нилъер улкаялъул къуваталщинал гугарухъаби.

Иргадулаб нухалъги лъикI цеве вахъана нилъер ракьцояв Къедиса Сапиюла Сапиюлаев. Гьениб 82 кг. цIайиялда Сапиюлаца ккуна кIиабилеб бакI.

**Шамил Бадрудинов**

**Подписка-2026**

### ХIурматиял районцоял!

Байбихьана бачIунеб 2026 соналъе «ЩIумадисезул гьаракь» газеталъе подписка. Жигар бахъе нилъерго районалъул газета хъвазе ва гьелдаса пайда босизе.

Газета къватIибе бачIуна щибаб рузманкьоялъ.

**Газеталъул багьа:**
-бащдаб лъагIалие -549,84 гъур.,
лъагIалие-1099,73 гъур.
**Газеталъул индекс:**
-бащдаб лъагIалил -51377,
лъагIалил-63302.

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44**

**Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЩIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул**

**«ЩIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»**

**Тираж - 1025**

**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**